



Pou Piblikasyon Imedya: 07/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRAM VAKSINASYON ETA A

Yo administre 206,178 dòz nan dènye 24 èdtan yo

Yo te administre plis pase 1,4 milyon dòz pandan sèt jou pase yo

Plis pase 1 sou 3 Nouyòkè te resevwa omwen yon dòz

Plis pase 1 sou 5 konplètman vaksinen kounye a

**Tablodbò Vaksen an pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogram
vaksinasyon eta a; ale sou ny.gov/vaccinetracker**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogram vaksinasyon Eta a. Yo te administre 206,178 dòz nan tout gwo rezo distribisyon eta a nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te administre plis pase 1.4 milyon dòz nan sèt dènye jou yo.

"New York ap ogmante efò pou fè tès li, ap ogmante efò vaksinasyon li epi ap asire ke vaksen yo disponib, gratis epi nan fason ki egal. Jodi a, chak Nouyòkè ki gen 16 an epi plis, kalifye pou yon vaksen", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Objektif kontini nou se jwenn apwovizyonman nan men Washington, genyen rezo distribisyon an epi konvenk Nouyòkè yo de bezwen pou yo twouse manch yo epi pran vaksen an. Nou te mete anplas sit vaksinasyon atravè eta a pou distribye vaksen an nan fason ki efikas, men nou te asire nou tou ke pwosesis la egal, kidonk nou te mete anplas pi piti sit nan mezon retrèt, lojman piblik, kominote moun koulè ak mezon adorasyon yo. New York ap rive nan pwèn kote gwo pay la se pral fè Nouyòkè yo fikse, pran randevou epi konprann ke tout moun dwe vaksinen pou rive nan iminite kolektif la. Sa san danje - plis pase 10 milyon Nouyòkè te pran vaksen an - epi se devwa sitwayen ou pou pran vaksen an."

Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib yo nan New York lajan depase kantite apwovizyonman ki soti nan men gouvènman federal la. Piske founiti an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Yo te mete zouti evalyasyon '[Am I Eligible](#)' (Èske Mwen Elijib) la ajou pou moun ki gen maladi kwonik ak pwoblèm ki akonpaye yo avèk nouvo randevou yo ki te pibliye sou

yon baz kontinyèl pandan semèn k ap vini yo. Nouyòkè yo ka itilize sa ki annapre yo pou montre ke yo elijib:

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve komòbidite a, oswa
- Sètifikasyon ki siyen

Chif pwogram vaksinasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, epi yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11 AM jodi a.

REPATISYON NAN TOUT ETA A

Total dòz yo administre - 10,869,300

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 206,178

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 1,447,349

Pousantaj Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 34.4%

Pousantaj Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 21.7%

	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan
Capital Region	409,088	6,321	269,004	6,366
Central New York	350,605	4,885	242,941	6,201
Finger Lakes	426,943	8,871	274,469	9,613
Long Island	845,926	15,727	479,710	11,645
Mid-Hudson	708,746	14,589	410,180	13,741
Mohawk Valley	175,005	2,038	118,363	2,844
New York City	3,090,731	59,182	1,985,370	43,794
North Country	180,133	1,669	134,964	2,145
Southern Tier	230,103	3,488	146,786	3,848
Western New York	454,583	7,198	277,626	5,753

Nan tout Eta a	6,871,863	123,968	4,339,413	105,950
----------------	-----------	---------	-----------	---------

	1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo	2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York	TOTAL	KIMILATIF
Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	163,650	0	163,650	163,650
Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	227,395	0	227,395	843,170
Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	221,315	119,925	341,240	1,588,585
Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31	260,150	239,525	499,675	2,801,055
Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07	321,850	220,720	542,570	3,343,625
Semèn 9	320,000	244,500	564,500	3,908,125

Dòz k ap vini nan dat 02/8 - 02/14				
Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 2/22 - 2/28	393,530	305,780	699,310	5,229,950
Semèn 12 Dòz k ap vini nan dat 03/01 - 03/07	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110
Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 03/08 - 03/14	618,880	526,415	1,145,295	7,686,405
Semèn 14 Dòz k ap vini nan dat 03/15 - 3/21	699,790	584,775	1,284,565	8,970,970
Semèn 15 Dòz k ap vini nan dat 03/22 - 3/28	828,000	737,080	1,565,080	10,536,050
Semèn 16 Dòz k ap vini nan dat 03/29 - 04/04	819,800	569,905	1,389,705	11,925,755

Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb '[Èske M Elijib \(Am I Eligible\)](#)' a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)